**«Awıl xojalıg`ı menedjmenti ha`m zootexniya» fakulteti**

**«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrası**

**Bakalavriat – 5410700- Jer du'ziw ha'm jer kadastri**

**4-TOPAR STUDENTI SABIRBAEVA RAYGUL MU'YTENBAEVNANIN'**

***PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI***

Tema: **YURIDIKALIQ SHAXSTIN' KADASTR HU`JJETININ` DU`ZILISI UZBEKTELEKOM AK KA'RXANASI MISALINDA**

**Basshi_________ A. DOSNAZAROV**

**"Jumis ko'rip shig'ildi ha'm qorg'awg'a jiberildi"**

**«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrasınin' baslıg`ı, a.x.i.k., ag'a ilimiy xizmetker_________ N.Reımov**
**«___»_____________ 2016_ -jil**

**«Awil xojalig'i menedjmenti ha'm zootexniya» fakulteti dekani, v.i.k,**
**______________ R.Jumashov**
**«___»____________ 2016 -jil**

No`kis – 2016

## M A Z M U N I:

**KIRISIW……………………………………………………………….…..6**

**I BAP. KADASTR HUJJETLERIN TAYARLAW USHIN NORMATIV HU`JJETLER………………………………………………………… 11**
**1.1. No’kis qalasının’ geografiyaliq jaylasqan orni ha’m ta’biyiy sharayati…………………………………………………………......11**
**1.2. Kadastr hujjetlerın tayarlaw ushın yuridikalıq xu`jjetleri…………….15**
**II BAP. KADASTR JUMISLARIN TEXNIKALIQ RASMIYLESTIRIW ..17**
**2.1. İmaratlardın` sızılmaların tayarlaw ha`m bahalaw……….…………....18**
**2.2. Topogeodeziyalıq jumislar………..…………………………….....22**

**III. BAP. KADASTRLIQ HU`JJETLERDI MA`MLEKETLIK DIZIMNEN O`TKERIW HAQQINDA TU`SINIK………………………………..26**
**3.1. Jer uchastkasın, imarat ha`m qurılmalardın` kadastrlıq nomerin qa`liplestiriw ta`rtibi ha`m strukturası………………………………37**
**3.2. Ma`mleketlik kadastrlardı ju`ritiw………………………………39**

**JUWMAQLAW……………………………………………………..50**

**PAYDALANıLG`AN A`DEBIYATLAR……………………………..51**

**INSAN OMIRI QA`WIPSIZLIG’I .........……………………………52**

**O `ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HA`M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIG'I**

**O`ZBEKSTAN RESPUBLIKASI AWIL HA`M SUW XOJALIG`I MINISTRLIG'I**

**Tashkent ma`mleketlik agrar universiteti**

**No`kis filialı**

**«Awıl xojalıg`ı menedjmenti ha`m zootexniya» fakulteti**

**«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrası**

| | |
|---|---|
| **«Tastiqlaiman»** | **«Kelisildi»** |
| **«Awil xojalig'i menedjmenti ha'm zootexniya»** | **«Jerden paydalaniw ha`m jer kadastrı» kafedrası baslıg`ı** |
| **fakulteti dekani, ilimiy kenes basligi** | **a.x.i.k.** |
| **_______________ R.Jumashov** | **_____________ N.Reymov** |
| **«___»_____________ 2016_ -jil** | **«___»______________ 2016_ -jil** |

**Tema: YURIDIKALIQ SHAXSTIN' KADASTR HU`JJETININ` DU`ZILISI UZBEKTELEKOM AK KA'RXANASI MISALINDA**
**PİTKERİW QA'NİYGELİK JUMISI**
***bag''darlaması***

Basshı: A.Dosnazarov

_________________________

Orınlawshı: 5410700 -«Jer du`ziw ha`m jer kadastrı» ta`lim bag'`darın pitkeriwshi 4-qurs studenti Sabirbaeva Raygul

____________________________

No`kis – 2016

Tashkent ma'mleketlik agrar universiteti No'kis filiali

Fakultet - Awil xojalig'i menedjmenti ha'm zootexniya

Kafedra – jerden paydalaniw ha'm jer kadastrI

**«Tastıyıqlayman»**

«Jerden paydalanıw ha`m jer kadastrı» kafedrası baslıg`ı, awıl xojalıg'ı ilimlerinin' kandidatı, ag'a ilimiy xızmetker

Qa'niygelik - 5410700 - Jer du`ziw ha`m jer kadastrı

____________ N.B.Reymov

«___»_____________ 2016 - jil

QA'NIYGELIK PITKERIW JUMISIN ORINLAW
USHIN TAPSIRMA

Studenttin' atı, fa'milyası – ***Sabirbaeva Raygul Mu'ytenbaevna***

Joybardın' teması – ***Yuridikalıq shaxstın' kadastr hu'jjetinin' du'zilisi Uzbektelekom AK karxanası mısalında***

Tema №________ buyrıq penen «______» ____________20_____ tastıyıqlang'an.

Orınlang'an PQJ-nı kafedrag'a tapsırıw mu'ddeti 10.06.2016

Pitkeriw qa'niygeligi jumısın qorg'aw mu'ddeti «11-20 » 06.2016 -jıl.

PQJ-nı orınlawda paydalanılg'an mag'liwmatlar ha'm hu'jjetler – *« Jer huqıqı » kitabı, Prezident miynetleri, a'debiyatlar ha'm jer Kodeksi boyınsha islew hu'jjetleri*.

PQJ jazba bo'liminin' tiykarg'ı quramı – *mazmunı, PQJ g'a tapsırma, bag''darlaması, kirisiw, ta'biyiy, satsiyallıq ha'm ekonomikalıq sharayatları, joybarlıq bo'lim, joybardi ekonomikaliq ha'm ekologiyaliq tiykarlaw, insan o'miri qawipsizligi qag'ıydaları, juwmaqlaw ha'm paydalang'an a'debiyatlar.*

PQJ boyınsha ma'sla'ha'tshiler

| Bo'lim | Atı, fa'milyası | Tapsırma berildi ku'n, imza | Qabıllandı ku'ni, imza |
|---|---|---|---|
| Ulıwma bo'lim | Dosnazarov A.U | 16.12.2015 | 16.12.2015 |
| Izertlew bo'limi | Dosnazarov A.U | 27.02.2016 | 24.05.2016 |
| O'mir qa'wipsizligi | Utepbergenova V | 7.032016 | 28.05.2016 |
| Internet mag'liwmatlar | Bekbergenov B. | 22.03.2016 | 30.05.2016 |

Tasırma berildi _____________ Ilimiy basshı – Dosnazarov A.U

Tapsırmanı qabılladım ___________ Student – Sabirbaeva Raygul

Pitkeriw qa'niygelik jumısın orınlawdın'

KALENDARLIQ REJESI

Jumıstın' ataması YURIDIKALIQ SHAXSTIN' KADASTR HU'JJETININ' DU'ZILISI UZBEKTELEKOM AK KARXANASI MISALINDA

Studenttin' familiyası, ismi, sharpi - Sabirbaeva Raygul

Jumıstı tapsırıw mu'ddeti « 10 » 06. 2016-jıl

| № | Qa'niygelik pitkeriw jumısı bo'limleri | Orınlaw mu'ddeti | Jumıstin' bo'limleri | |
|---|---|---|---|---|
| | | | tapsırıldı | orınlandı |
| 1 | Kirisiw | 17.12<br>26.02 | 17.12.2015 | 26.02.2016 |
| 2 | **Kadastr hujjetlerın tayarlaw ushın normativ xu`jjetler** | 7.03<br>28.03 | 7.03.2016 | 28.03.2016 |
| 3 | **Kadastr hujjetlerın tayarlaw ushın yuridikalıq** | 29.03<br>13.04 | 29.03.2016 | 13.04.2016 |
| 4 | **No'kis qalasının' geografiyaliq jaylasqan orni ha'm ta'biyiy sharayati** | 14.04<br>26.04 | 14.04.2016 | 26.04.2016 |
| 5 | **İmaratlardın` sızılmaların tayarlaw ha`m bahalaw. Topogeodeziyalıq jumislar** | 27.04<br>3.05 | 27.04.2016 | 3.05.2016 |
| 6 | **Jer uchastkasın, imarat ha`m qurılmalardın` kadastrlıq nomerin qa`liplestiriw ta`rtibi ha`m strukturası** | 4.05<br>10.05 | 4.05.2016 | 10.05.2016 |
| 7 | **Ma`mleketlik kadastrlardı ju`ritiw** | 11.05<br>17.05 | 11.05.2016 | 17.05.2016 |
| 8 | INSAN O'MIRI QAWIPSIZLIG'I | 18.05<br>21.05 | 18.05.2016 | 21.05.2016 |
| 9 | JUWMAQLAW | 22.05<br>30.05 | 22.05.2016 | 30.05.2016 |
| 10 | PQJ KAFEDRAG'A TAPSIRIW | 10.06 | | |

Tapsırma berilgen sa'ne « 14 » 12 .2015-jıl

Basshı , (qolı) _______________.

Tapsırmanı orınlawg'a aldım « 14 » 12 .2015-jıl

Student, (qolı) ___________.

**Kirisiw**

Respublikamız g'a'rezsizlikke eriskenen son', barlıq tarawlarda ken' ko'lemli reformalar o'tkeriwge kirisildi. Atap aytqanda, jer resurslarınan na'tiyjeli paydalanıw printsiplerine ayrıqsha itibar qaratıldı. O'zbekistan Respublikasının' Oliy Majlisi ta'repinen 1998-jıl 30-apreldegi I-shaqırıq IX-sessiyasında «Jer kodeksi» nızamlar toplamı qabıl etildi. Usıg'an baylanıslı, jer du'ziw sistemasında o'zgerisler ju'z berdi.

Ma'mleketimiz ta'repinen alıp barılıp atırg'an sotsial-ekonomikalıq qayta qurıw siyasatı na'tiyjesinde jer qatnasıqların jetilistiriwge, jer resurslarınan o'nimli paydalanıw da'rejesin asırıwg'a qaratılg'an sha'rt sha'rayatlar jaratıldı. «Jer kodeksi» qag'ıydaların ju'zege shıg'arıw, jerge tiyisli qatnasıqlar tarawında birden-bir siyasattı a'melge asırıw, jer resursların basqarıw strukturasın jetilistiriwdi ta'miyinlew maqsetinde O'zbekistan Respublikası Prezidentinin' 1998-jıl 24-iyuldegi PF 2059-sanlı pa'rmanın orınlaw maqsetinde Awıl ha'm Suw hojalıg'ı Ministrliginin' jer du'ziw ha'm jerlerden paydalanıw basqarması ha'm jerlerden paydalanıwdı qadag'alaw boyınsha ma'mleket inspektsiyası negizinde O'zbekistan Respublikası Jer Resursları Ma'mleketlik komiteti sho'lkemlestirildi.

Onın' tiykarg'ı wazıypası jer resurslarınan aqılg'a muwapıq paydalanıwg'a qaratılg'an birden-bir ma'mleket siyasatın a'melge asırıw, O'zbekistan Respublikası «Jer kodeksi» ha'm jer nızamshılıg'ının' basqa hu'jjetlerine a'mel qılınıwın qadag'alaw, ma'mleket basqarıw organları, yuridikalıq ha'm fizikalıq ta'replerdin' jerlerden paydalanıw, topıraq o'nimdarlıg'ın saqlaw, tiklew ha'm asırıw tarawındag'ı xızmetin muwapıqlastırıwdan ibarat boldı.

2004-jıldın' aqırına kelip, O'zbekistan Respublikasının' Prezidentinin' «Respublika Ma'mleket Basqarıw organları sistemasın jetilistiriw haqqında»g'ı 2003-jıl 9-dekabrdegi PF 3358-sanlı pa'rmanın orınlaw maqsetinde O'zbekistan Respublikası Ministrler Kabineti 2004-jıl 19-oktyabrde 483-sanlı «O'zbekistan Respublikası Jer Resursları, geodeziya, kartografiya ha'm ma'mleket kadastrı Ma'mleketlik komiteti xızmetin sho'lkemlestiriw haqqında»g'ı qararı qabıl etildi.

«Jergeodezkadastr» Ma’mleketlik komiteti Ministrler Kabineti janındag’ı Geodeziya, Kartografiya ha’m Ma’mleket Kadastrı Bas Basqarması ha’m Jer Resursları Ma’mleket komiteti negizinde sho’lkemlestirildi. «Jergeodezkadastr» Ma’mleketlik komiteti jerlerden paydalanıw, jer du’ziw, geodeziya, kartografiya ha’m ma’mleket kadastrı, ko’shpes mu’likke bolg’an huquqlardı ma’mleket diziminen o’tkeriwdi ta’rtipke salıw boyınsha ma’mleket basqarıw organı esaplanadı.

Ha’zirgi ku’nde komitet ta’repinen jan’a ma’mleket koordinatlar sistemasın kirgziwge o’tiw a’melge asırılmaqta. 2007-2011-jıllarda O’zbekistan da aymaqlıq rawajlandırıw birden-bir kompleks strategiyasın qa’liplestiriw ma’mleketlik da’stu’ri tiykarında «Jer geodezkadastr» Ma’mleketlik komiteti Respublikasının’ ha’r bir regionında, aymaqlardın’ rawajlanıwın analiz etiw ha’m boljaw ushın kartografiya informatsiya resursların qa’liplestiriw imkaniyatın beriwshi geografiyalıq informatsiya sistemasın basqıshpa-basqısh engiziwge qollanıwg’a kiristi. «Jergeodezkadastr» Ma’mleketlik komiteti jer qatnasıqların ta’rtipke salıw tarawında shet ellerdin’ ma’mleketlerinin’ joybarlarında da aktiv qatnaspaqta.

Ha’zirgi waqıtta respublikamızda du’zilip atırg'an kadastr sisteması elimizdin’ awıl xojalıg'ı ha’m xalıq xojalıg'ı tarawında ken’nen qollanıladı.

Respublikamız territoriyasındag'ı jer ha’m ko’shpes mu’lk qatnasları - Qaraqalpaqstan Respublikası jer du’ziw ha’m ko’shpes mu’lk kadastr Ma’mleketlik ka’rxanasi (Qaraqalpaqjermu’lkkadastr) ta’repinen a’melge asırıladı. Rayonlarda, Nokis ha’m Taxiatash qalalarinda jer du’ziw ha’m ko’shpes mu’lk kadastr Ma’mleketlik ka’rxanalari du’zilip, birgelikte jumıs alıp barıladı.

Qala, rayon territoryasındag'ı imaratlar menen qurılıslar tuwralı tolıq mag'lıwmat alıw maqsetinde usı ko’shpes mu’lk kadastrı ju’rgiziledi.

O’zbekistan Respublikası ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasının’ tiyisli qararlarına sa’yekes barlıq yuridikalıq ta’repler ha’m paydalanıwshıları bolg'an fizikalıq ta’repler jer ha’m ko’shpes mu’lk iyelerinin’ kadastrlıq hu’jjetlerine iye bolıwı sha’rt. Sonın’ menen birge kadastr hu’jjetleri ha’m mag'lıwmatları ma’mleketlik basqarıw

organları ushın ma'jbu'riy yuridikalıq ku'shke iye bolıp, huquqıy, ekonomikalıq ha'm texnikalıq mag'lıwmatlardın' birlemshi tiykarı sıpatında qabıl etilıwi tiyis.

Kadastr mag'lıwmatları ma'mleketimizdin' huquqıy, ekonomikalıq, siyasiy, xojalıq ju'rgizıw, statistika ha'm jobalaw tarawları menen bir qatarda, birinshi gezekte salıq to'lemleri mug'darın anıqlawda xızmet etedi. Sonlıqtan da kadastr sistemasının' duziliwine Respublikamızdag'ı salıq dizimide ma'pdar bolıwı kerek.

Solay etip, jer ha'm ko'shpes mu'lk qatnasıqları, conın' ishinde iyelik etiw, puxaralıq huquqıy bitimlerin a'melge asırıw, satıw ha'm satıp alıw, sawg'a etiw, miyras, girewge qoyıw ha'm salıq o'ndirıw ha'm tag'ı basqa yuridikalıq prosesslerde kadastr hu'jjetleri iyelik etıw ha'm paydalanıw huquqın tastıyqlawshı tiykarg'ı hu'jjet bolıp esaplanadı.

Jer ha'm ko'shpes mu'lk kadastrlarının' basqada ma'mleketlik ha'm tarawlıq kadastrlar bolıp, olar tuwralı usı qollanbanın' tiyisli bo'liminde anıq mag'lıwmatlar berilgen.

Bazar ekonomikası sha'rayatında jer ha'm ko'shpes mu'lk qatnasıqları a'hmiyetli ma'seleler bolıp esaplanadı. Sonlıqtan da elimizde kadastr sistemasın rawajlandırıwg'a ayrıqsha itibar berilmekte.

"Ma'mleketlik kadastrlar tuwralı" nızam 2000-jıl 15-dekabrde qollang'an ha'm ha'zirgi ku'nde ol o'z ku'shine en'ip, a'melge asırılmaqta. Ol 18-statyadan turadı. Bul nızamnın' maqseti-ma'mleketlik kadastrlardın' ju'rgizıw kadastrlıq mag'lıwmatlardı toplaw ha'm olardan paydalanıw tarawlarındag'ı qatnaslardı ta'rtipke salıw bolıp esaplanadı. Ma'mleketlik kadastrdın' bir sisteması quramına kiretu'g'in ma'mleketlik kadastrlardın' mag'lıwmatların berıw usı jumıslardı kadastrlardın' bir sistemasının' quramına

To'mendegiler kiredi:

1) Ma'mleketlik jer kadastrı.
2) Paydalı qazılmalar ka'nlerinin' ma'mleketlik kadastrı.
3) Ma'mleketlik suw kadastrı.
4) Ma'mleketlik tog'ay kadastrı
5) O'simlikler du'n'yası Obektlerinin' ma'mleketlik kadastrı.

6) Haywanlar du’n'yası obektlerinin’ ma’mleketlik kadastrı.

7) Ayrıqsha korg'alatug'ın ta’biyg'ıy aymaqlardın’ ma’mleketlik kadsatrı.

8) Imaratlar menen qurılıslardın’ ma’mleketlik kadastrı.

9) Qala qurılısının’ ma’mleketlik kadastrı.

10) Gidro texnikalıq qurılıslardın’ ma’mleketlik kadastrı.

11) Tarıyxıy ha’m ma’deniy esteliklerdin’ ma’mleketlik kadastrı.

12) Avtomobil jollarının’ ma’mleketlik kadastrı.

13) Temir jollarının’ ma’mleketlik kadastrı.

14) Transport trubalarının’ ma’mleketlik kadastrı.

15) Baylanıs obektlerinin’ ma’mleketlik kadastrı.

16) Energetika obektlerinin’ ma’mleketlik kadastrı.

17) Islep shıg'arıw ha’m paydalanıw shıg'ındıların ko’mip taslaw orınlarının’ ma’mleketlik kadastrı.

18) Tabiyg'ıy qa’o'ipi joqarı bolg'an orınlardın’ ma’mleketlik kadastrı.

19) Texnogen qa’o'ipi joqarı bolg'an orınlardın’ ma’mleketlik kadastrı.

20) Kartografiya-geodeziya ma’mleketlik kadastrı.

21) Aymaqlardın’ ma’mleketlik kadastrı.

«Ma’mleketlik jer kadastri haqqinda» g’i nizamnin’ 3-ba’nтine muwapiq Ma’mleketlik jer kadastri Ma’mleketlik kadastrdin’ birden bir sistemasinin’ tiykarg’i qurami esaplanip, ol jerlerdin’ ta’biyiy, xojaliq, huqiqiy rejimi, kategoriyalari, sapaliq qa’siyetleri ha’m bahasi, jer uchastkalarinin’ orni ha’m o’lshemleri, olarda jerden paydalaniwshilar, ijarashilar ha’m mu’lkdarlar arasindag’i bo’listiriliwi haqqindag’i mag’liwmatlar ha’mde hu’jjetler sistemasinan ibarat. Ma’mleketlik jer kadastri jer uchastkalarina bolg’an huqiqlardi Ma’mleketlik dizimnen o’tkeriwde a’melge asiriw menen bir qatarda mug’dar ha’m sapasin esapqa aliwdi, topiraq bonitirovkasi, jerlerdin’ mug’darin, sonin’ menen birge jer kadastrina tiyisli informatsiyalardi bir sistemag’a saliw, saqlaniw ha’m jan’alap bariwdi o’z ishine aladi.

Ma’mleketlik jer kadastri jer mu’na’sibetlerin ta’rtipke saliw, jerden aqilg’a muwapiq paydalaniw ha’m oni qorg’aw, jer du’ziwdi sho’lkemlestiriw, jer ushin

to'lenetug'in haqi mug'darlarin tiykarlaw, xojaliq jumisina baha beriw maqsetinde O'zbekstan Respublikasi ha'm Ministrler ken'esi, jergilikli Ma'mleketlik ha'kimiyat organlari, ma'pdar yuridikaliq ha'm fizikaliq shaxslardi jer haqqindag'i mag'liwmatlar menen ta'miynlewge mo'lsherlengen.

Ma'mleketlik jer kadastrinin' mag'liwmatlarina jerlerden paydalaniw ha'm olardi qorg'awda, jer uchastkalarin beriw (realizatsiya qiliw) ha'm olardi qaytarip aliwda, jer ushin to'lenetug'in haqi mug'darlarin belgilewde, jer du'ziw jumislarin o'tkeriwde, xojaliq jumisina baha beriw ha'mde jerden paydalaniw ha'm olardi qorg'aw haqqindag'i basqada ila'jlardi a'melge asiriwda ma'jbu'riy ta'rtipte a'melge asiriladi.

Ma'mleketlik jer kadastri respublika ushin birden bir sistema tiykarinda Ma'mleket byudjeti qa'rejetleri esabinan Ma'mleketlik kadastr ha'm jer du'ziw Ma'mleketlik ka'rxanalari ta'repinen ju'rgiziledi.

Ma'mleketlik jer kadastrin ju'rgiziw topografiyaliq – geozeziya, kartografiya, topiraq, agroximiya, geobotanika ha'm basqa bag'darlarda tekseriw ha'm izertlewler alip bariw, jerlerdi esapqa aliw ha'm olarg'a baha beriw, jerden paydalaniw ha'm ijarashilardin', jer iyelerinin' jer uchaskalarina bolg'an huqiqlarin dizimge aliw menen ta'miynlenedi.

# I BAP. KADASTR HUJJETLERIN TAYARLAW USHIN NORMATIV HU`JJETLER

## 1.1. No'kis qalasının' geografiyaliq jaylasqan orni ha'm ta'biyiy sharayati

No'kis qalası Qaraqalpaqstan Respublikasının' ekonomikalıq, siyasiy, ma'deniy h'a'm administrativlik orayı. Ol 420271 arqa ken'likte h'a'm 590511 shıg'ıs ken'likte A'miwda'ryanın' on' jag'asında jaylasqan.

No'kis qalası ju'da' qolaylı geografiyalıq orında, O'zbekstan respublikasının' arqa-batısında, Qaraqalpaqstan Respublikasının' oraylıq bo'liminde jaylasqan. Qala arqalı u'lken magistral Qızketken kanalı, qubla-batısında A'miwda'rya da'ryası ag'ıp o'tedi.

Qala Tashkent qalasınan arqada 1240 km, Moynaq qalasınan 220 km, To'rtku'l qalasınan 180 km qashıqlıqta bolıp, ten'iz qa'ddinen 74 m. ba'lentlikte jaylasqan. Qala aymag'ı No'kis rayonının' O'rnek, No'kis xojalıqları, A'miwda'rya rayonının' Berdaq xojalıqlarının' jerleri menen shegaralasadı, eni 7 km ge jaqın tar polosada jaylasqan. Qalanın' jer maydanı 221 kv. km, xalqının' sanı 289,0 (2013-j. 1-yanvar) mın' adam. No'kis qalası 1932 jıl 1-aprelden baslap Qaraqalpaqstan Respublikasının' paytaxtı bolıp belgilengen. No'kis qalası Respublikanın' ekonomikalıq, siyasiy h'a'm ma'deniy orayı bolıp esaplanadı. No'kis Respublikamızdın' da'l ortalıg'ında bolıp, basqa rayonlar h'a'm G'MDA qalaları menen transport boyınsha baylanısıwına qolaylı orında jaylasqan. No'kis qısqa waqıttın' ishinde kishigirim qaladan Qaraqalpaqstannın' h'a'zirgi iri sanaat, ma'deniyat h'a'm ilim orayına aylandı.

Ekinshi du'nya ju'zilik urıs Qaraqalpaqstan h'a'm No'kis qalasının' rawajlanıwına biraz irkilis jasadı. No'kis qalası urıstan keyingi jıllarda tez o'sip kete almadı, sebebi to'mendegi mashqalalar kesent berdi:

- sanaat ka'rxanalarında kadrlardın' jetispewshiligi h'a'm awıl jaslarının' bilim da'rejesinin' to'men bolıwı.
- o'ndiris orınları ushın shiyki zattın', awısıq bo'leklerdin' jetispewshiligi h'.t.b. ta'sirinde.

Bul qıyınshılıqlarg'a qaramastan Qaraqalpaqstan respublikası, a'sirese No'kis qalası tez pa't penen o'sti. Ko'plegen sanaat ka'rxanaları jergilikli shiyki zat dereklerine qaratıldı h'a'm xalıqqa kerekli tutınıw buyımların islep shıg'arıw ka'rxanaları rawajlandı.

Usınday g’alaba xalıqtın’ ko’teriliwi na’tiyjesinde o’ndiris ku’shlerinin’ alg’a ilgerlewi, No’kis qalasının’ u’lken o’ndiris h’a’m ma’deniy orayına aylandı h’a’m ulıwma respublika ekonomikalıq jaqtan bekkemlendi.

**Klimatı.**

No’kis qalası eki u’lken sho’listan, shıg’ısta Qızılqum h’a’m batısta Qaraqum sho’lleri aralıg’ında jaylasqan bolıp, klimatı keskin kontinental bolıp, jazı ıssı, qurg’aq, qısı qısqa mu’ddette suwıq boladı. En’ to’men temperatura -32 C, al joqarı temperatura +27; +40 C h’a’m onnanda joqarı boladı. Jawın-shashın qıs h’a’m ba’h’a’r ma’wsimlerinde jawadı, jılına ortasha 80-110 mm a’tirapında tu’sedi. Sol sebepli qala h’a’m qala a’tirapında ıssılıqtı su’yiwshi awıl-xojalıq daqılların o’ndiriw h’a’m dekarativ ag’ashlardı otırg’ızıw mu’mkinshiligin beredi. Jaz aylarında sho’l klimatının’ ta’siri h’awanın’ ıg’allanıw da’rejesin, jawın-shashınnın’ kemeyiwine, qurg’aqshılıq protsessinin’ h’a’wij alıwına alıp keledi.

Qıs u’sh ay dawamında ku’n nurının’ az bolıwı, usı mezgilde bultlı waqıttın’ ko’p bolıwına baylanıslı. Qalg’an 9 ay dawamında (mart-noyabr) ku’n nurının’ uzayıwı mug’darınan ko’birek bolıp, al iyulde 94 % ke jetedi. Ulıwma bir jılda quyashsız ku’nlerdin’ sanı ortasha 55-57 ku’ndi quraydı, al jaz aylarında (iyun-sentyabr) quyashsız ku’nler bolmaydı.

**Topırag’ı.**

No’kis qalası aymag’ında Qaraqalpaqstan Respublikası topırag’ı sıyaqlı sho’l sharayatına iykemlesken h’a’r qıylı topıraq tu’rlerin ushıratamız. Bulardan en’ ko’p tarqalg’anları allyuvial topıraq, otlaqlı-taqır topıraq, shorlı topıraq h’a’m adamlardın’ miynet iskerligi menen o’zgergen ma’deniy topıraqlar ken’ tarqalg’an.

No’kis qalasında o’simlik h’a’m h’aywanat du’nyasının’ sho’l zonası ta’biyiy sharayatına iykemlesken tu’rleri jasaydı. Son’g’ı jıllardag’ı texnikalıq progress h’a’m qurılıs jumıslarının’ ken’ masshtabda o’ris alıwı qalanın’ ta’biyiy sha’rayatın tu’pten o’zgertip texnogen landshafttı ju’zege keltirmekte. Sonın’ menen birge h’a’zirgi ku’ndegi h’awanın’, suwdın’, jerdin’ h’a’dden tısqarı pataslanıwı da qalanın’ ta’biyiy sharayatına keri ta’sirin tiygizip atır.

**Massivtin’ sotsiallıq sharayatlarının’ jag’dayı**

Qaladag'ı ko'plep sanaat ka'rxanaları islep shıg'arıp atırg'an o'nimler jergilikli za'ru'rliklerdi tolıq qanaatlandıradı, eksportqa jiberilip atırg'an o'nimler mug'darı artıp barmaqta. No'kiste tayarlanıp atırg'an bir neshe tu'rdegi sanaat o'nimlerine sırt ellerde talap ku'shli.

Ha'zirgi waqıtta No'kiste barlıq talaplarg'a juwap beretug'ın transport tarmag'ı qa'liplesken. Barlıq avtoka'rxanalar zamanago'y markadag'ı avtomobiller menen ta'miyinlengen. A'sirese, qalalar aralıq qatnas tez rawajlanbaqta. Qalada awıl xojalıg'ı o'nimlerin qayta islewshi ka'rxanalar sanı artıp barmaqta. Qayta islew ka'rxanalarında tayarlanıp, qadag'alanıp atırg'an tu'rli azıq-awqat o'nimleri h'a'm basqalar tutınıwshılardın' mu'ta'jin tolıq qanaatlandırmaqta.

No'kis qalası aymag'ında Qaraqalpaqstan Respublikası topırag'ı sıyaqlı sho'l sharayatına iykemlesken h'a'r qıylı topıraq tu'rlerin ushıratamız. Bulardan en' ko'p tarqalg'anları allyuvial topıraq, otlaqlı-taqır topıraq, shorlı topıraq h'a'm adamlardın' miynet iskerligi menen o'zgergen ma'deniy topıraqlar ken' tarqalg'an.

No'kis qalasında o'simlik h'a'm h'aywanat du'nyasının' sho'l zonası ta'biyiy sharayatına iykemlesken tu'rleri jasaydı. Son'g'ı jıllardag'ı texnikalıq progress h'a'm qurılıs jumıslarının' ken' masshtabda o'ris alıwı qalanın' ta'biyiy sha'rayatın tu'pten o'zgertip texnogen landshafttı ju'zege keltirmekte. Sonın' menen birge h'a'zirgi ku'ndegi h'awanın', suwdın', jerdin' h'a'dden tısqarı pataslanıwı da qalanın' ta'biyiy sharayatına keri ta'sirin tiygizip atır.

Qaladag'ı ko'plep sanaat ka'rxanaları islep shıg'arıp atırg'an o'nimler jergilikli za'ru'rliklerdi tolıq qanaatlandıradı, eksportqa jiberilip atırg'an o'nimler mug'darı artıp barmaqta. No'kiste tayarlanıp atırg'an bir neshe tu'rdegi sanaat o'nimlerine sırt ellerde talap ku'shli.

Ha'zirgi waqıtta No'kiste barlıq talaplarg'a juwap beretug'ın transport tarmag'ı qa'liplesken. Barlıq avtoka'rxanalar zamanago'y markadag'ı avtomobiller menen ta'miyinlengen. A'sirese, qalalar aralıq qatnas tez rawajlanbaqta.

Sotsiallıq sala mudamı dıqqat-itibarda. Xalıq barlıq qolaylıqlarg'a iye turaq jaylarda jasaydı. Ha'kimshilik h'a'm turaq jay imratları sapalı ishimlik suwı h'a'm ta'biy ga'z benen tolıq ta'miynlengen. İshki xızmetkerlerdin' da'ramatı artıp barmaqta. Kem

ta'miynlengen shan'araqlar sotsiallıq jaqtan qorg'aladı. jumıssızlardı is penen ta'miynlew boyınsha belgilengen reje tiykarında jumıs alıp barlımaqta.

Xalıqqa sawda, ma'deniy turmıs xızmetin ko'rsetiw jıl sayın jaqsılanıp atır. Salamat-a'wlattı ta'rbiyalawg'a en' a'h'miyetli ma'selelerdin' biri sıpatında qaralmaqta. «Qaraqalpaqstan Respublikası ma'mlektimiz h'a'm ja'miyetimiz turmısında ayrıqsha, basqa regionlar menen salıstırıp bolmaytug'ın orındı iyeleydi», dep atap o'tken edi, Prezidentimiz İslam Karimov. Usı ko'z qarastan, tek h'a'zirgi da'wirdi esapqa alıp g'ana emes, al Qaraqalpaqstannın' uzaq keleshegin rejelestiriwde de biz bul ma'selege ayrıqsha a'h'miyet beriwimiz za'ru'r. Biz bunı O'zbekstannın' ja'miyetlik qurılısın reformalaw boyınsha ma'mleketlik siyasatın a'melge asırıwdı da umıtpawımız kerek.

Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı No'kis qalasının' zamanago'y, siyasiy, ekonomikalıq jaqtan rawajlang'an da'wiri onın' ma'deniy h'a'm ilim orayı sıpatındag'ı infrastrukturası son'g'ı on jıl ishinde qa'liplesti. Bu'gingi ku'ni qalanın' ko'rkine ko'rik bag'ıshlap turg'an imaratlar g'a'rezsizlik jıllarında bina' etildi, yaki zamanago'y usılda qayta rekonstruktsiyalandı.

No'kis qalasının' sotsial-ekonomikalıq jag'dayların jaqsılaw maqsetinde qalada h'a'r qıylı o'ndiris obektlerin qurıw u'lken a'h'miyetke iye boldı. 1991-2000-jılları sotsiallıq tarawda u'lken sapalı o'zgerisler iske asırıldı. Tu'yemoyın magistralı Qaraqalpaqstannın' awıllarına 1717,3 km.lik xojalıq aralıq suw qubırları tarmaqları o'tkizildi. Xalıqtın' suwg'a bolg'an mu'ta'jliginin' 93%-in qanaatlandıradı. No'kiste usı jılları 16,3 km kanalizatsiya tarawı ken'eytildi h'a'm 3106,2 km.lik gaz tarmaqları o'tkizildi. No'kis qalasına gaz tarmaqları arqalı ta'biyiy gaz jetistirip beriw 100% ke jetkizildi. 1985-1986-jıllar ishinde qurılg'an ko'plegen sanaat ka'rxanaları paydalanıwg'a berilgen edi. Usınnan burıng'ı az mug'darda islep turg'an remontlaw ka'rxanaları h'a'zirge kelip qa'niygelesken u'lken ka'rxana bolıp ashıldı. Kishi ag'ash ustaxanalarınan u'lken No'kis mebel fabrikası bolıp qa'liplesti h'a'm jan'a un zavodı iske tu'sti. Qalanın' ishinde 60 o'ndiris, 18 transport h'a'm 64 qurılıs ka'rxanaları qurıldı. Solar menen bir qatarda h'a'zirgi waqıtta 460 sanaat ka'rxanaları, 207 qurılıs ka'rxanaları, 400 sawda-satıq, ja'nede 144 h'.t.b. obektler is alıp barmaqta.

Xalıqtın’ materiallıq abadanlıg’ın arttırıwda ja’miyetlik tutınıw fondı - sotsiallıq ta’miyinlew, xalıqqa meditsinalıq xızmet ko’rsetiw, xalıq bilimlendiriw h’a’m basqa tarawlar en’ a’h’miyetli rol atqaradı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, No’kis qalası o’zinin’ rawajlanıw etaplarında xalıqtın’ sotsial-ekonomikalıq rawajlanıwının’ baslı o’zgesheliklerin qamtıydı. G’a’rezsizlik h’a’m bazar ekonomikası da’wirinde de respublikamızdın’ ekonomikasında o’zinin’ funktsiyasın ja’nede bekkemledi.

## 1.1. Kadastr jumısların tayarlaw ushın yuridikalıq hu’jjetler toplamı.

Jer uchastkası, imarat yamasa qurılmalardı ma’mleketlik dizimnen o’tkerıwde nızam boyınsha tastıyıqlang'an normativ hu’jjetler arqalı a’melge asırıladı.

Bul normativ hu’jjetler mısal retinde to’mendegilerden ibarat boladı:

-Jer uchastkası ushın qala yamasa rayon Ha’kiminin’ jer ajıratıw haqqındag'ı qararı menen tastıyıqlag'an sol jer uchastkasının’ jaylasıw sızılması.

-Usı jerde jaylasqan imaratlardı paydalanıwg'a ma’mleketlik komissiya ta’repinen du’zilgen ha’m bul aktti tastıyıqlag'an qala yamasa rayon ha’kiminin’ qararı.

-Imarat ha’m qurılmalardı bir mu’lk iyesinen ekinshi shaxsqa o’tkerıw haqqındag'ı aldı-satdı sha’rtnama.

- Ma’mleketlik mu’lk komitetinin’ ma’mleketlik orderi.
- Kim-ziyat sawdası arqalı satıp alıng'an sha’rtnama.
- Ministrler ken’esi ta’repinen berilgen biylik.
- Sud organı ta’repinen shıg'arılg'an biylik
- Imaratlardı biypul berıw shartnaması h.t.b.

**No’kis qalasi 28-sanli O’rnek MPJ Turtkul guzari 38 jayda jaylasqan Uzbektelekom AK karxanası du’ka’n imaratina kadastrlıq jumısların tayarlaw ushın yuridikalıq hu’jjetler**.

No’kis qalasi 28-sanli O’rnek MPJ To’rtko’l guzari 38 jayda jaylasqan Uzbektelekom AK karxanası du’ka’n imarati jer uchastkasına bolg'an huquqı 06. 06. 2002 jil № 1630 (0011617) - sanli Qaraqalpaqstan Respublikası ma’mleketlik mu’lkin basqariw ma’mleketlik Komitetinin’ orderi ha’m Uzbektelekom AK karxanasının’ 31. 07. 2014 jilg’i № 225 sanli bu’yrig’i menen berilgen.

Ta’biyiy resurslar ishinde jer u’lken a’hmietke iye. Usı maydannın’ 90% ne jaqını ma’mleket ta’repinen iyelik etıw ha’m paydalanıw maqsetinde ha’r qıylı ka’rxana ha’m sho’lkemlerge bekitilip berilgen. Olar usı maydanlarda o’z xojalıq iskerligin a’melge asıradı.

O’zbekistan Respublikası «Jer kodeksi»nin 15-statyasına muwapıq ma’mleket jer kadastrı jerlerdin’ ta’biyiy, xojalıq huquqıy ta’rtibi, olardın’ tipleri, sapa ko’rsetkishleri ha’m mug'darı, jer uchastkalarının’ jaylasqan ornı ha’m o’lshemleri, jerlerdi jer uchastkaları Mu’lkdarlarına jer iyelerine, ha’m jerden paydalanıwshılarg'a bo’listiriw haqqındag'ı za’rur, isenimli mag'lıwmatlar xa’m hujjetler sistemasınan ibarat. Ma’mleket jer kadastrı jer qatnasıqların ta’rtipke salıw jerden aqılg'a muwapıq paydalanıw ha’m onı qorg'aw, jer du’ziw jumısların sho’lkemlestirıw, jer du’zıw, jer ushın to’lenetug'ın haqı mug'darların tiykarlaw, xojalıq iskerligine baha beriw maqsetinde O’zbekistan Respublikası Ministrler Kabineti, jergilikli ma’mleketlik ha’kimiyat organların, ma’pdar yuridikalıq ha’m fizikalıq shaxslardı jer haqqındag'ı mag'lıwmatlar menen ta’miynlewge mo’lsherlengen. Ma’mleketlik jer kadastrı u’lken xalıq xojalıq a’hmiyetine iye.

## II- bo'lim: Kadastr jumısların texnikalıq ra'smiylestiriw ha'm sho'lkemlestiriw.

Kadastrlıq ob'ektlerdi sapalıq bahalaw ta'biyiy ha'm fizikalıq xarakteristika tiykarında a'melge asırıladı.

Kadastrlıq ob'ektlerdin' qunlıq bahası belgilengen nızam tiykarında belgilengen ta'rtipte esapqa alınadı

Kadastrlıq dokumentasiya kadastrlıq dokumentasiyanın' tiykarg'ı tu'rlerine mu'lklik ha'm kadastrlıq ob'ektke huquqtı tastıyqlawshı dokumentler kiredi. Olar ob'ekttin kadastrlıq isi, kadastrlıq karta (plan), kadastrlıq kitap, kadastrlıq ob'ekttin jag'dayı haqqında esabatı.

Kadastrlıq is hu'jjeti, kadastrlıq su'wretleniw ma'teriyallarınan ha'm mag'lıwmatlardın', texnikalıq ha'm isleniwlerden, kadastrlıq ob'ekttin'' sapalıq ha'm qu'nlıq bahasınan, kadastrlıq ob'ektti ma'mleketlik dizimge esapqa alıw esabınan turadı. Kadastrlıq karta (plan) kadastrlıq ob'ekttin'' jaylasıw ornın, onın' shegarasın, zonasın, sanlıq ha'm sapalıq xarakteri-stikasın belgilewshi grafikalıq hu'jjeti ol qag'azda du'ziledi.

Kadastrlıq kitap kadastrlıq ob'ekttin'' esapqa alınıwın ha'm registra-siyasının' tiykarg'ı dokumenti bolıp ishine geografiyalıq awhalı huquqıy kadastrlıq ob'ekttin'' statusı, sanlıq ha'm sapalıq xarakteristika ha'm bahası haqqındag'ı mag'lıwmatlardı qamtıydı.

Kadastrlıq ob'ekt jag'dayı haqqındag'ı esabat ma'mleketlik kadastr tu'ri boyınsha belgilengen ta'rtipte du'zilip, kadastrlıq ob'ekttin'' sanlıq ha'm sapası haqqındag'ı mag'lıwmatlardı qamtıp, bo'lek territoriyalar ha'm O'zbekstan Respublikası boyınsha bahalaw ko'rsetiledi.

Ma'mleketlik hu'kimetke ma'mleketlik kadastr mag'lıwmatları pulsız beriledi, ol basqa yuridikalıq ha'm fizikalıq ta'replerge belgilengen ta'rtiptegi to'lemler arqalı. Ma'mleketlik kadastr mag'lıwmatları sır saqlanıp nızam tiykarında ta'rtiplestirilgen.

## 2.1- Imaratlardın' sızılmaların tayarlaw ha'm bahasın anıqlaw.

Imarat ha'm qurılıstın' texnik jag'dayın anıqlawda KMK 2.01.16-97 «Turaq jay ha'm imaratlardın' fizikalıq tozıwın bahalaw qag'ıydaları» GKKINP-18-037-00 «Imarat ha'm qurılıslardın' fizikalıq ha'm funksional tozıwın anıqlaw usılı» normativ hu'jjetlerine a'mel qılıw usınıladı.

Fizikalıq tozıw degende imarattı qurıwda isletilgen ma'teriallardın' da'slepki sıpatlarının' kemeyiwi tu'siniledi.

Imarattın' fizikalıq tozıw prosenti, onın' konstruktiv elementlerin ko'zden o'tkerıw mu'mkinligi yamasa mu'mkin emesligine qarap, texnik jag'dayının' belgileri boyınsha belgilenedi yamasa xızmet mu'ddeti boyınsha esaplap shıg'ıladı.

Imarattın' texnik jag'dayın anıqlaw onı texnik ta'riplew menen bir waqıtta a'melge asırıladı. Bunda ko'zden o'tkerıw mu'mkin bolg'an bo'leklerdin' texnik jag'dayına (fizikalıq tozıwıg'a) tiyisli belgileri anıqlanadı.

Imarat ayrım konstruksiyalarının' texnik jag'dayına tiyisli sırtqı belgiler boyınsha joqarıda ko'rsetilgen qollanbalar talaplarına muwapıq olardın' fizikalıq tozıwı, keyinala pu'tkil imarattın' tozıwı anıqlanadı. Imarattın' fizikalıq tozıwı prosentin anıqlaw esap-sanaq boyınsha, bul imarat konstruktiv elementlerinin' tiyisli bahalaw normativinde ko'rsetilgen salıstırma salmaqların qollag'an halda a'melge asırıladı. Atap o'tilgen qag'ıydalar tablisalardan tan'lap alıng'an ha'r bir konstruktiv element boyınsha tozıw prosenti defektlerge qarap, usı elementtin' salıstırma salma-g'ına ko'beytiriledi. Na'tijede ayrım konstruktiv elementlerdin' pu'tkil imaratqa salıstırmalı fizikalıq tozıwın alamız. Ha'r bir element boyınsha alıng'an na'tiyjelerdi qosıp, pu'tkil imarattın' fizikalıq tozıwı anıqlanadı. Ko'zden o'tkerıw imkanı bolmag'an qurılıslardın' fizikalıq tozıw payızı xızmet mu'ddetleri boyınsha anıqlanadı.

Salıqqa tartıw ushın bahalaw ob'ektleri paydalanıwg'a qabıl qılıng'an ha'm jergilikli jer du'zıw ha'm ko'shpes mu'lk kadastrı xızmetlerinde dizimnen o'tkerilgen, yuridikalıq yamasa fizikalıq shaxsqa mu'lk huquqı menen tiyisli bolg'an turaq jay bolmag'an imarat ha'm bolmag'an imarat ha'm qurılıslar, uy-jaylar, kvartiralar, bag''shılıq

ha’m ju’zimshilik shirketleri ag'zalarının’ bag'' uyleri, garajlar ha’m baska imaratlar ha’m qurılıslardan ibarat.

Imaratlar ha’m qurılıslar olardı qu’rıw waqtında ha’m olar qurılg'an jıl dawamında iyesiz, tu’rli sebeblerge ko’re jergilikli ma’mleketlik ha’kimiyatı organlarının’ qararları boyınsha bunnan keyin paydalanıw ushın jaramsız dep tabılg'an imaratlar ha’m qurılıslar salıqqa tartıw maqsetlerinde bahalanbaydı.

Puxaralar ta’repinen o’zbasımshalıq penen qurılg'an ha’m paydalanılıp atırg'an imaratlar-da salıqqa tartıw maqsetlerinde bahalanıwı lazım, bunda sol ta’rizli imaratlar boyınsha salıqtın’ to’leniwi mu’lk barısında tek salıq ma’jburiyatlarınan tısqarı basqa huquqtı bermeydi.

Yuridikalıq ha’m fizikalıq shaxslarg'a mu’lk huquqında tiyisli bolg'an imarat ha’m qurılıslardı bahalaw ha’m qayta bahalaw isleri yuridiqalıq ha’m fizikalıq shaxslar mu’lkinin’ bahalaw, qayta bahalaw payıtındag'ı qayta islep shıg'arıw yamasa ornın basıw bahasın (tiklenıw bahasın) salıqqa tartıw yamasa ko’rilgen zıyan ha’m jog'altıwlardın’ ornın qaplaw ushın anıqlaw maqsetlerinde islenedi.

Imarat ha’m qurılistın’ qayta islep shıg'arıw yaki ornın basıw bahasın (tiklenıw yamasa inventarizasiya bahasın) anıqlaw isi kadastr xızmetinin’ qa’niygesi (ko’shpes mu’lkti bahalaw huquqın berıwshi sertifikatg'a iye bolg'an) ta’repinen yuridikalıq ha’m fizikalıq shaxslar mu’lkin salıqqa tartıw maqseti-nde ju’rgiziledi.

Imarat ha’m qurılıslardın’ qayta islep shıg'arıw yamasa ornın basıw bahasın anıqlawda, za’ru’r hallarda belgilengen ta’rtipte ekspertiza o’tkeriliw mu’mkin.

Imarat ha’m qurılıslarının’ qayta islep shıg'arıw yaki ornın basıw bahası imarat ha’m qurılmalar tiklenıw bahasın yahlitlang'an ko’rsetkishler toplamları yaki imarat ha’m qurılmalar qurlısına anıq joba-smeta hu’jjetleri boyınsha 1 m3 yamasa 1 m2 o’lshew birliginin’ bahasınan kelip shıqqan halda anıqlanadı.

Imarat ha’m qurılıslardı bahalaw, qayta bahalaw islerin o’tkerıwde bahalawg'a tiyisli nızam hu’jjetleri talaplarına muwapıq kelıwshi belgilengen ta’rtip boyınsha bahalaw tuwrısında esabat du’ziledi.

Imaratlardın’ sızılma xa’m baxasın tayarlawda tomendegi tastıyıqlang'an qollanba ha’m ko’rsetpelerge tiykarında kadastrlıq hu’jjetler tayarlanadı.

## I. ULIWMA MAG'LIWMATLAR:

1. Ob'ekt ataması Du'ka'n imaratı
2. Joqarı turıwshı organlar ---
3. Ob'ekt is bag'darı Sawda
4. Mu'lk iyesi Uzbektelekom AK karxanası
5. Payshılar (eger bolsa) joq
6. Kim balansında Uzbektelekom AK karxanası
7. Ob'ektten paydalanıwshı Uzbektelekom AK karxanası

## II. XUQUQ TASTIYIQLAWShI MAG'LIWMATLAR

Jer uchastkası, imaratqa (qurılma) bolg'an xuquqtı belgilewshi yamasa sheklewshi tiykarg'ı xu'jjetleri:

**Jer uchastkasına:**

1. Xuquqın tastıyıqlawshı xu'jjet (tu'ri, nomeri, kim xa'm qashan bergen)
Nokis qala Xa'kiminin' 16.11.2004-jildag'i № 145/11-12 sanli qarari
a) huquq tu'ri mudamı paydalanıw paydalanıw waktı sheklenbegen
б) ajıratılgan maydan kv.m 70.29 tiykarg'ı maydan kv.m. 70.29
2. sheklew xaqqında mag'liwmat joq

**Imarat xa'm qurılmalarga:**

1. Xuquqın tastıyıqlawshı xu'jjet (tu'ri, nomeri, kim xa'm qashan bergen)
06. 06. 2002 jil № 1630 (0011617) - sanli Qaraqalpaqstan Respublikası ma'mleketlik mu'lkin basqariw ma'mleketlik Komitetinin' orderi ha'm Uzbektelekom AK karxanasının' 31. 07. 2014 jilg'i № 225 sanli bu'yrig'i
Ob'ekt is bag'darı: xu'jjet boyınsha Sawda
tiykarında Sawda
3. sheklew xaqqında mag'liwmat joq

## III. QARJI - EKONOMIKALIQ MAG'LIWMATLAR.

1. 1991-j baxadag'ı tikleniu baxası Tiykar GKKINP-18-013-04 toplamı
2. Balans baxası 4512746.69 sum
3. Ustav korına kirgiziu xaqqında mag'liwmat ---
4. Investisiya xaqqında mag'liwmat ---
5. Aldı-satdı shartnama boyınsha baxası

## IV. JOYBAR MAG'LIWMATLARI.

1. Joybardı arxitektura xızmeti menen kelisim kelisildi
2. Ob'ekttin' joybar boyınsha atı Du'ka'n imaratı
3. Ob'ekttin' bag'darı xa'm kuwatlılıg'ı
4. Joybarlawshı-ka'rxana ---
5. Smetatalıq baxası

## V. QURILIS MAG'LIWMATLARI.

1. Ob'ektti paydalanıwga qabıllaw aktı (sa'ne, nomer)
2. Qurılgan jılı: baslanıwı tamamlanıwı 1983 j
3. Orınlawshı karxana: konstruksiya tipi tas gerbish
Ma’mleketlik jer kadastrı O’zbekistan Respublikası ma’mleketlik kadastrının’ bir sestemasına berilip ta’biyiy resurslar kadastrının’ ma’mleketlik ha’m tarawlıq tiykarı bolıp esaplanadı.

Ma’mleketlik jer kadastrı O’zbekistan Respublikası Ministrler Ka’bineteti ma’mleketlik hu’kmettin’ jergilikli org’ınların, jer qatnası menen shıg'ıwlanatug'ın yuridikalıq ha’m fizikalıq ta’replerdi jer qatnasın retlestirıwshi mag'lıwmatlar menen ta’miynlep, jerdi qorg'aw ha’m onı na’tiyjeli paydanıwdı sho’lkemlestirip, jer isleri ta’rtibin belgilep, xojalıq xukimetin’ bahalap jer ushın to’lemlerdi engizedi.

Ma’mleketlik jer kadastrı arqalı jerdin’ qu’nlıq bahası anıqlanadı.

Ma’mleketlik jer kadastrı ma’mleketlik byudjet esabınan respublika boyınsha bir sistema boyınsha alıp barıladı. Ma’mleketlik jer kadastrı jerdi paydalanıwshılardın’, arendatorlar menen mu’lik iyelerinin’ jer uchastkalarına

iyeligin dizimge alıw ushın, tenografo- geodeziyalıq, kartografiyalıq, agroximiyalıq geobotankalıq topıraqtı izertlew jumısların alıp baradı.

Ma'mleketlik jer kadastrın ju'ritiw tartibi nızamshılıq tiykarında belgilenedi.

**Yuridikalıq ha'm fizikalıq ta'replerdin' jer uchastkalarına huquqı.**

Jer ma'mleketlik mu'lik ulıwma xalıqlıq baylıq bolıp natiyjeli paydalanıwg'a jatadı. Ol ma'mleket ta'repinen qorg'alıp O'zbekistan Respublikası nızamshılıq aktinde belgilengen, onı alıp-satıwg'a, almastırıwg'a, sıylıqqa berıwge, kepillikege qoyıwg'a bolmaydı.

Jer uchastkasına huquq yuridikalıq ha'm fizikalıq ta'replerdin' jer uchastkalarına huquq orın boyınsha shegara belgilenip, plan du'zilip, jer uchastkalarının' opisaniyesi duzilip, ma'mleketlik dizimnen o'tkennen keyin a'melge asadı.

**Jer uchastkasının' planı.**
**Orında jer uchastkasına shegaranı belgilew**

Jer uchastkasının' planı- jer uchastkasının' topografiyalıq planı belgilengen ko'rsetkishler tiykarında jer isleri tartibinin' proekti boyınsha en' son'g'ı su'wretleme momentindegi jerdin' jag'dayı ha'm relefi ko'rsetiledi. Ondag'ı ha'm kartadag'ı jer uchastkası shegarasın aldın-ala anıqlaw onın' usınılıwı haqqındag'ı isenimdi qabıllawg'a shekem iske asadı.

Jer uchastkasının' planı ha'm su'wretlemesi sonın' shegarası jer menen isleniw xızmeti orınlrı ta'repinen a'melge asırılıp, ma'mleketlik hu'kimettin' orınlardag'ı organları ta'repinen tastıyqlanadı. Jer uchastkasının' tastıqlang'an planı dakumenttin' tapsırması belgili bolıp jer uchastkasına huquqtı tastıyqlaydı.

Jer uchastkasının' huquqıy planı kadastrlıq iste sanaladı, al jer uchastkasın alıwshıg'a onın' kopiyası beriledi.

Plannın' tayarlanıwı jer uchastkasının' su'wreti, shegaranı ayırıwshı belgiler jer uchastkasında alıwshının' kartası esabınan a'melge asadı.

**Jer uchastkasına huquqtı tastıqlawshı hu'jjetler.**

Jer uchastkasina bolg'an huqiqinin' ju'zege keliw tiykarlari ha'm ta'rtibi O'zbekstan Respublikasinin' Jer kodeksi, «Fermer xojalig'i haqqinda» g'i, «Awil xojaliq kooperativleri (shirket xojalig'i) haqqinda» g'i, «Diyxan xojalig'i

haqqinda» g'i, «Ijara haqqinda» g'i ha'm basqa nizamlarda belgilengen. Jer uchastkalarina bolg'an miyras etip qaldirilatug'in o'mirlik iyelik etiw huqiqi; turaqli iyelik huqiqi; turaqli ha'm muddetli paydalaniw huqiqi; mu'lk huqiqi; ijara huqiqi ju'zege keliwi mu'mkin.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqti ju'zege keliwi da'slep jer ajiratiw siyaqli huqiqiy ilajdi a'melge asiriw menen ju'zege keledi. Jer uchastkalarin ajiratip beriw O'zbekstan Respublikasi Ministrler Kabineti, oblastlar, Tashkent qalasi, rayonlar, qalalar ha'kimleri ta'repinen a'melge asiriladi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqti ju'zege keliwinde jer beriw protsessi u'lken a'hmiyetke iye. Jer beriw jer uchastkalarina bolg'an huqiqti ju'zege keliwine bolg'an tiykarg'i qural bolip, bul protsess belgili basqishlardan ibarat, yag'niy birinshisi: jer beriliwin sorap arza beriwi; ekinshi basqish bul arzani wa'killikli ma'mleket organinda ko'rip shig'iw; u'shinshisi jer ajiratiw haqqinda qarar shig'ariwdan ibarat.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi belgilewshi, o'zgertiriwshi yamasa biykar etiwshi hu'jjetler a'ne sol huqiqlardi ma'mleket dizimine aliw ushin tiykar bolip xizmet qiladi. Ma'mleket dizimine aliw siyaqli yuridikaliq ha'reket jer uchastkalarina bolg'an ju'zege keletug'in huqiqtin' en' tiykarg'i bo'legi esaplanadi. Jer uchastkalarina iyelik etiw ha'm olardan paydalaniw huqiqlari rayon, qala, oblast ha'kiminin', Qaraqalpaqstan Respublikasi Ministrler Ken'esinin' ha'm O'zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin' jer beriw haqqindag'i qararlari tiykarinda dizimge alinadi.

Jerlerdi ijarag'a aliw huqiqi jer uchastkasin ijarag'a aliw sha'rtnamasi tiykarinda dizimge alinadi. Jer uchastkalarina bolg'an mu'lkshilik huqiqi bunday huqiqqa tiyisli ma'mleket orderi, aldi-satti sha'rtnamalari ha'm jer uchastkalarina bolg'an mu'lkshilik huqiqi ju'zege keliwine tiykar bolatug'in, nizam hu'jjetlerinde na'zerde tutilg'an basqa hu'jjetlerge tiykarinan dizimge alinadi.

O'zbekistan Respublikasi Jer resurslari, geodeziya, kartografiya ha'm ma'mleketlik kadastri ma'mleketlik komitetinin' 22.10.2015 yilg'i «Koshpes mu'lk obyektlerine kadastr toplamlardi tayarlaw qag'iydalarin tastiyiqlaw haqqinda »g'i №33-sanli qarari na tayang'an jag'dayda soni atap o'tiw kerek, jer uchastkalarina

bolg'an huqiqlardi dizimnen o'tkeriw ra'smiy, ma'jburiy ha'reket bolip, onin' tiykarinda yuridikaliq ha'm fizikaliq shaxslardin' jer uchastkalarina bolg'an huqiqlari belgilenedi ha'm dizimge aling'an ku'nnen baslap payda bolg'an dep esapqa alinadi. Bul statyada na'zerde tutilg'an huqiqtin' ju'zege keliw protsessin belgili jer uchastkasina yuridikaliq yamasa fizikaliq shaxstin' huqiqlarin da'slepki ta'rizde belgilew operatsiyasi sipatinda atap o'tiw mu'mkin.

Binag'a, imaratqa ha'm qurilisqa bolg'an mu'lkshilik huqiqi basqa shaxsqa o'tiwi na'tiyjesinde ju'zege kelgen jer uchastkasina iyelik etiw ha'm onnan paydalaniw huqiqi a'ne sol mu'lklerdin' aldi-sattisi, almastirilg'anlig'i, sawg'a etilgenligi, wa'siyat etilgenligi haqqindag'i tiyisli sha'rtnamalar ha'm jer uchastkasina tiyisli hu'jjetler tiykarinda dizimge alinadi.

Servitutlar haqqindag'i kelisimler ha'm jer uchastkalarina iyelik etiw, olardan paydalaniw, olardi ijarag'a aliw, mu'lk huqiqlarina tiyisli basqa sheklewler tiyisli sha'rtnamalar, sudtin' qararlari tiykarinda dizimge alinadi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqti ma'mleket esabinan o'tkermesten a'melge asirilg'an operatsiyalar haqiqiy dep esaplanbaydi. Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi dizimnen o'tkeriw hu'jjetler menen tastiyiqlang'an jer uchastkalarina bolg'an huqiqlar haqqindag'i informatsiyalardi rayon, qala jer uchastkalarina tiyisli huqiqlar Ma'mleket registrina kiritiw arqali a'melge asiriladi.

Jer uchastkalarina bolg'an mu'lkshilik, iyelik etiw, onnan paydalaniw ha'm ijarag'a beriw huqiqina tiyisli hu'jjetlerdi ma'mleket esabinan o'tkeriw (keyingi orinlarda - dizimnen o'tkeriw) ha'm ra'smiylastiriw yuridikaliq ha'm fizikaliq shaxslardin' mu'lkiy huqiqlarin qorg'aw, sonday-aq, jer resurslarin tiykarli ta'rizde ha'm u'namli esapqa aliw, jer uchastkalarina tiyisli operatsiyalardi a'melge asiriw, saliqqa tartiw ha'm basqa maqsetler ushin a'melge asiriladi.

Dizimge aliw ushin tapsirilip atirg'an jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardin' payda boliwin, olardin' toxtatiliwin, beriliwin, qiyinlastiriliwi yamasa o'zgertirilisin belgilewshi hu'jjetler, notarial jaqtan tastiyiqlang'an boliwi kerek.

Notarial jaqtan tastiyiqlang'an jer uchastkalarina tiyisli operatsiyalar boyinsha hu'jjetler dizimge aliw paytinda qosimsha tu'rde teksiriliniwi kerek. Hu'jjetler boyinsha ju'zege keletug'in kelispewshilikler sud ta'rtibinde sheshiledi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardan paydalanatug'in, sonday huqiqlari payda bolatug'in, o'zgeretug'in yamasa toxtatilatug'in barliq yuridikaliq ha'm fizikaliq shaxslar dizimge aliw subektleri esaplanadi. O'zbekstan Respublikasinin' nizam hu'jjetleri talaplarina muwapiq ra'smiylestiriletug'in jer uchastkalarina bolg'an huqiqti tiyisli tastiyiqlaytug'in, beretug'in, o'zgertiretug'in, shekleytug'in yamasa toxtatatug'in yuridikaliq hu'jjetler dizimge aliw obekti esaplanadi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqti dizimnen o'tkeriw to'mendegi izshilikte a'melge asiriladi:

- arza qabil qilinadi;
- arza ha'm og'an qosimsha etilgen hu'jjetler ha'm materiallar tekserip ko'riledi;
- arzalardi qabil etiw reestrinda arza qayd etiledi;
- jer uchastkasina bolg'an huqiqlar dizimge alinadi;
- jer uchastkasina bolg'an huqiqlar dizimge aling'anlig'i haqqindag'i guwaliq subektke beriledi.

Jer uchastkasina dizimge alinip atirg'an huqiqtin' tu'rine qarap yuridikaliq yamasa fizikaliq shaxstin' arzasina to'mendegiler qosimsha qilinadi:

- huqiqtin' payda boliwi, o'tiwi, shekleniwi yamasa toqtatiliwin tastiyiqlawshi hu'jjetler;
- jer uchastkasin bahalaw materiallari (topiraqlar baniteti, bahasin bahalaw h.t.b.);
- belgilengen ta'rtipte tastiyiqlang'an jer uchastkasinin' kadastr rejesi.

Jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi dizimnen o'tkeriw dizimge aliwshi organ arzani ko'rip shig'iw ushin qabil qilg'an ku'nnen baslap 10 kun dawaminda a'melge asiriladi.

Eger usinilg'an materiallar jeterli bolmasa, biraq bunday kemshilik a'hmiyetsiz, oni tezirek du'zetiw mu'mkin dep esaplansa yamasa qosimsha

mag'liwmatlar aliw usinilg'an hu'jjetlerdi ekspertiza etiw za'rur bolsa, dizimge aliwshi qarar shig'ariwdi ko'shiriw haqqinda qarar qabil etilgen ku'nnen baslap eki ha'ptege izge soziw mu'mkin. Kemshilikler du'zetilmegen jag'dayda, dizimge aliwdi biykar etiw haqqinda qarar qabil qilinadi, bul boyinsha arza beriwshi jazba tu'rde xabardar qilinadi.

To'mendegi jag'daylarda jer uchastkalarina bolg'an huqiqlardi ma'mleket esabinan o'tkeriw biykar etiledi:

- usinilg'an hu'jjetler arzashi aytip o'tkenindey huqiqlardin' o'zgeriwin belgilemeydi;

- bul jer uchastkasinin' tiyisli ekenligi haqqinda kelispewshilik bar ekenliginen bildiriwshi hu'jjetlerdin' ma'mleket dizimine aliw organinda barlig'i;

- bul jer uchastkasi nizamda belgilengen ta'rtipte alip qoyilg'anlig'i haqqindag'i mag'liwmatlardin' ma'mleketlik dizimge aliw organinda barlig'i;

- kemshiliklerdi joq etiw ushin dizimge aliwdi keshiktiriw qararinan keyin kemshiliklerdin' joq etilmegenligi.

Dizimge aliwdan bas tartilg'anlig'i yamasa ol naduris a'melge asirilg'anlig'i boyinsha arza beriwi mu'mkin. Jer uchastkalarin dizimge aliwda za'rur bolatug'in huqiqti tastiyiqlawshi ha'm huqiqti belgilewshi tiykarg'i hu'jjetler ha'm materiallar dizimi to'mendegilerden ibarat:

1. Jerge turaqli iyelik huqiqina tiyisli ma'mleketlik akti.

2. Jerden turaqli paydalaniw huqiqina tiyisli ma'mleketlik akti.

3. Miyras etip qaldirilg'an jerge o'mirlik iyelik etiw huqiqina tiyisli ma'mleketlik akti.

4. Jer uchastkasinan mu'ddetli (waqtinshaliq) paydalaniw haqqindag'i sha'rtnama.

5. Jer uchastkasin ijarag'a aliw sha'rtnamasi.

6. Miyras huqiqi haqqindag'i akt.

7. Jergilikli ha'kimiyat organlarinin' o'z wa'killikleri do'geregindegi qarari.

8. Sud qarari.

9. Jer uchastkasi auktsion sawdasinda yamasa tan'law boyinsha satip aling'anlig'i haqqindag'i guwaliq.

10. Sawda ha'm xizmetler ko'rsetiw tarawi obektlerin olar jaylasqan jer uchastkalari menen birge menshiklestiriwde jer uchastkasina mu'lkshilik huqiqi ushin ma'mleket orderi.

11. O'zbekstan Respublikasinda akkreditatsiya etilgen diplomatik wa'killikxanalar ha'm xalqaraliq sho'lkemler ta'repinen wa'killikxanalar ushin paydalanilatug'in binalarg'a olar jaylasqan zona uchastkalari menen birge, sonday aq, ko'rsetip o'tilgen wa'killikxanalardin' binalarin quriw ushin jer uchastkalarina iyelik etiw haqqindag'i aldi-satti sha'rtnamasi (guwalig'i).

12. Sirt ellik yuridikaliq ha'm fizikaliq shaxslardin' nizam hu'jjetlerinde belgilengen ta'rtipte turarjaylardin' olar jaylasqan jer uchastkalari menen birge aldi-satti (iyelik etiw huqiqin satip aliw) sha'rtnamasi.

13. Binalar ha'm qurilislardin' aldi-satti, almastiriw, sawg'a etiw, renta sha'rtnamalari, turarjaydi o'mirlik saqlaw sha'rti menen beganalastiriw sha'rtnamasi.

14. Jer uchastkasi yamasa og'an bolg'an huqiqlardi girewge qoyiw (ipoteka) sha'rtnamasi.

15. Jergilikli ha'kimiyat organlarinin' jerge iyelik etiw ha'm onnan paydalaniw huqiqlarin toxtatiw haqqindag'i qarari.

16. Belgilengen ta'rtipte tastiyiqlang'an jerlerdi ajiratiw ha'm alip qoyiwg'a tiyisli materiallar.

17. Belgilengen ta'rtipte tastiyiqlang'an jer kadastri materiallari.

18. Kadastr xizmeti ta'repinen belgilengen ta'rtipte tastiyiqlang'an jer uchastkasinin' rejesi.

Jerge iyelik etiw ha'm onnan paydalaniw huqiqin biykar etiw degende paydalaniw ushin berip qoyilg'an jer uchastkalarin tiyisli ma'mleket organlari ta'repinen qaytarip aliw ha'm sol jer uchastkasin bunnan keyin sol paydalaniwshi islete aliw huqiqina iye emesligi tu'siniledi. Jerge iyelik etiw ha'm onnan paydalaniw huqiqin biykar boliwi tiykarlari O'zbekstan Respublikasi Jer kodeksinin'

36-statyasinda ko’rsetilgen. Og’an qarap, putkil jer uchastkasina yamasa onin’ bir bo’legine iyelik etiw huqiqi onnan turaqli yamasa muddetli paydalaniw huqiqi, sonday-aq jer uchastkasin ijarag’a aliw huqiqi to’mendegi jag’daylarda biykar qilinadi:

1) jer uchastkasinan ixtiyariy tu’rde waz keshgende;

2) jer uchastkasi berilgen muddet tamam bolg’anda;

3) yuridikaliq shaxs tamam bolg’anda;

4) xizmette paydalaniw ushin shek jer berip qoyiwg’a tiykar bolg’an miynetke tiyisli qatnasiqlar biykar bolg’anda, eger nizam hu’jjetlerinde basqasha jag’day na’zerde tutilg’an bolmasa;

5) jer uchastkasinan belgilengeninen basqa maqsetlerde paydalanilg’anda;

6) jer uchastkasinan ratsional paydalanilmag’anda, bul awil xojalig’ina mo’lsherlengen jerler ushin o’nimdarliq da’rejesi 3 jil dawaminda normativdan (kadastr bahasina qarap) to’men bolg’anda;

7) jer uchastkasinan topiraq o’nimdarlig’i pa’seyiwine, onin’ ximiyaliq ha’m radioaktiv zatlar menen pataslaniwina, ekologiyaliq jag’daydin’ jamanlasiwina alip keletug’in usillar menen paydalanilg’an jag’dayda;

8) nizam hu’jjetlerinde belgilengen mu’ddetlerde jer salig’i, sonday-aq ijarag’a aliw sha’rtnamasinda belgilengen mu’ddetlerde ijara haqi turaqli to’lenbey kelingende;

9) awil xojalig’i mu’ta’jlikleri ushin berip qoyilg’an jer uchastkasinan bir jil dawaminda ha’m awil xojalig’i tarawina tiyisli bolmag’an mu’tajlikler ushin berip qoyilg’an jer uchastkasinan 2 jil dawaminda paydalanilmag’anda;

10) miyras etip qaldirilatug’in o’mirlik iyelik etiw huqiqin beriwshi order auktsion sawdasi tiykarinda satip aling’aninan keyin jer uchastkasinan eki jil dawaminda paydalanilmag’anda, jer uchastkasina miyras etip qaldirilatug’in o’mirlik iyelik etiw huqiqi girewde bolg’an jag’dayda bolsa, - girew sha’rtnamasi muddeti dawaminda paydalanilmag’anda. Paydalanilmay atirg’an jer uchastkalari da’slepki iyelerinen olar to’lengen haq bahasi qaplang’an jag’dayda alip qoyiladi;

11) jer uchastkasi Jer Kodeksinde na’zerde tutilg’an ta’rtipte alip qoyilg’anda.

Nizam hu’jjetlerinde jer uchastkalarina iyelik etiw huqiqi, jer uchastkalarinan turaqli paydalaniw huqiqi ha’m jer uchastkalarin ijarag’a aliw huqiqin biykar etiwdin’ basqa jag’daylari ha’m na’zerde tutiliwi mu’mkin.

Jer uchastkalarina bolg’an mu’lkshilik huqiqi belgilengen ta’rtipte to’mendegi jag’daylarda biykar qilinadi:

1) sawda ha’m xizmet ko’rsetiw tarawi obektleri, sonday-aq u’y-jay binalari ha’m basqa binalar yamasa binalardin’ bir bo’legi sol binalar jaylasqan jer uchastkalari menen birge satilg’anda;

2) ma’mleket ha’m jamaat mu’ta’jlikleri ushin sawda ha’m xizmet ko’rsetiw tarawi obektleri, sonday-aq u’y-jay binalari ha’m basqa binalar yamasa binalardin’ bir bo’legi olar jaylasqan jer uchastkalari menen birgelikte qayta satip aling’anda;

3) nizamda belgilengen jag’daylarda sawda ha’m xizmet ko’rsetiw tarawi obektleri, sonday-aq u’y-jay binalari ha’m basqa imaratlar yamasa imaratlardin’ bir bo’legi olar jaylasqan jer uchastkalari menen birge konfiskatsiya etilgende.

Jer uchastkasina iyelik etiw huqiqin yamasa jer uchastkasinan turaqli waqtinsha paydalaniw huqiqin tamamlaw jerden paydalaniw ha’m oni qorg’aw boyinsha ma’mleketlik baqlawin a’melge asiriwshi organlardin’ usinisina muwapiq huqiqlar tamamlaniwinin’ tiykarli ekenligin tastiyiqlawshi hu’jjetlerge tiykarinan tiyisli rayonlar, qalalar, oblastlar ha’kimlerinin’ qararlari yamasa O’zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin’ qarari menen a’melge asiriladi. Jer uchastkalarina iyelik etiw huqiqin, jer uchastkalarinan turaqli yamasa waqtinsha paydalaniw huqiqin tamamlaw haqqindag’i O’zbekstan Respublikasi Ministrler Kabinetinin’ ha’m bul ma’pdar shaxslardin’ qararlarina qarsi bolg’an yuridikaliq ha’m fizikaliq shaxslar bul qararlar boyinsha sudg’a shikayat etiwleri mu’mkin. Jer uchastkasina iyelik etiw huqiqin yamasa jer uchastkasinan turaqli waqtinsha paydalaniw huqiqin tamamlaw nizam hu’jjetlerinde belgilengen ta’rtipte a’melge asiriladi. Yuridikaliq shaxs tamamlang’an jag’daylarda jer uchastkasina bolg’an ijara huqiqin tamamlaw ijara sha’rtnamasin biykar etiw joli menen a’melge asiriladi.

Jer uchastkasinan ixtiyariy waz keshilgende, jer uchastkasi berilgen muddet tamam bolg’anda, jer uchastkasinan belgilengeninen basqa maqsetlerde

paydalanilg'anda, jer uchastkasinan ratsional paydalanilmag'anda, bul awil xojalig'ina mo'lsherlengen jerler ushin hasildarliq da'rejesi u'sh jil dawaminda normativden (kadastr bahasina qarap) past boliwida sa'wlelengende, jer uchastkasinan topiraq o'nimdarlig'i pa'seyiwine, onin' ximiyaliq ha'm radioaktiv zatlar menen pataslaniwina, ekologiyaliq jag'daydin' jamanlasiwina alip keletug'in usillar menen paydalanilg'an jag'dayda, nizam hu'jjetlerinde belgilengen mu'ddetlerde jer salig'i, sonday-aq ijarag'a aliw sha'rtnamasinda belgilengen mu'ddetlerde ijara haqi turaqli to'lenbey kelingende, awil xojalig'i mu'ta'jlikleri ushin berip qoyilg'an jer uchastkasinan bir jil dawaminda ha'm awil xojalig'i tarawina tiyisli bolmag'an mu'tajlikler ushin berip qoyilg'an jer uchastkasinan eki jil dawaminda paydalanilmag'anda ha'm Jer Kodeksinde na'zerde tutilg'an ta'rtipte alip qoyilg'anida jer uchastkasina bolg'an ijara huqiqin tamamlaw Jer Kodeksinin' 24-statyasinda na'zerde tutilg'an ta'rtipte yag'niy, jer uchastkalarin ijarag'a aliw sha'rtnamasini mu'ddetinen aldin biykar etiw ta'replerdin' kelisimi menen, bunday kelisimge erisilmegen jag'dayda bolsa, sudtin' sheshiw qarari menen a'melge asiriladi.

Jer uchastkasinin' iyelik etiwshisi, paydalaniwshisi, ijarashisi ha'm mu'lkdari jer uchastkasina bolg'an huqiqlardan waz keshiwinen da'lalat beriwshi ha'reketler (shet elge ketkenlik, jer uchastkasinan belgilengeninen ko'birek muddet dawaminda paydalanbasliq) sadir etken jag'dayda, bul jer uchastkasi nizam hu'jjetleri menen belgilengen ta'rtipte iyesiz mal-mu'lk sipatinda esapqa alinadi. Jer uchastkasina bolg'an huqiqlardan waz keshiw bul jer uchastkasinin' iyelik etiwshisi, paydalaniwshisi, ijarashisi ha'm mu'lkdari minnetlerinin', jer uchastkasi basqa shaxsqa berilgenge shekem, biraq waz keshilgen ku'nnen yamasa iyesiz mal-mu'lk sipatinda ma'mleket dizimine aling'an ku'nnen baslap uzag'i menen bir jil dawaminda, biykar qiliniwina sebep bolmaydi.

## Juwmaqlaw.

Na'tiyjede keltirilgen ma'selelerge qarap, Respublikamızda jer qatnasıqlarına qaratılg'an bir qansha u'lken jumıslar a'melge asırılıp atırılg'anlıg'ına guwa bolamız. Ma'mleketimiz puxaraların jer uchastkaları menen ta'miynlew ken' jolg'a qoyılg'an. Ma'mleketlik salıq inspeksiyası ta'repinen jer salıg'g'ının' mug'darı ha'm girew to'lemi, belgilengen jer uchastkasının' sapasına ha'm jaylasqan ornına qarap belgilenedi. O'zbekistan Respublikası Ma'mleketlik jer resursları ha'm ma'mleketlik kadastr basqarmaları ta'repinen jer hu'jjetlerinin' avtomatizasiyalanıwı boyınsha ken' tu'rde izlenıw isleri alıp barılmaqta. Atap aytqanda kadastr hu'jjetlerin ra'smiylestirıwde O'zbekstan Respublikası boyınsha Ma'mleketlik kadastrdı bir dizimge (DKYaT) en'gizıw, jer olshemlerinin monitoringi xa'm salıq ondirıwde anıq MAG'LIWMATlar bazasının' jaratıw a'hmiyetke iye. Jer uchastkaların o'lshewde jan'a texnologiyalardan paydalang'an halda jumıslardı orınlawda, elektron taxiometr, JPS olshew a'spabı, lazerli o'lshew a'spabları qolanılmaqta. Qaraqalpaqstan Respublikası jer du'zıw ha'm ko'shpes mu'lk kadastr ma'mleketlik ka'rxanasi ta'repinen alıp barılıp atırg'an isler, ma'mleketimizdin' sotsial ekonomikalıq rawajalanıwına o'zinin' ken' ta'sirin tiygizedi. Orınlang'an esap sanaq jumısları, ma'mleketimiz kadastr sisteması paydasına naqlay alatug'ın da'rejede ekenligin ispatlaydı. Diplomlıq pitkerıw isinde orınlangan jumıslar Ma'mleketlik standartqa juwap bergen halda joqarı texnologiyalı a'spablarda orınlang'anı bug'an tastıyqlaw bola aladı. Ma'mleketlik kadastrı du'zilgennen keyin, jer isleri, jer salıg'ı ha'm girew to'lemlerinen ma'mleketimiz byudjetinin' da'ramatı 3,3% payızg'a asqan.

Jer kadastrı, qala sazlıq kadastrı, tiykarı bolıwına tolıg'ı menen haqlı. Qalalardın' rawajlanıwında, qalanın' bas planın du'zıwde, o'zgertıwde ha'm onı qadag'alap barıwg'a kadastr sistemasındag'ı jetekshi qa'niygeler o'z u'leslerin qosa aladı.

Solay etip Qaraqalpaqstan Respublikasında jer kadastrın du'zıw ha'm ju'rgizıw boyınsha o'tkerilgen izzertlewler usınday sheshim qabılladı. Sebebi islengen diplom jumısında bas maqsetke erisilgen. Jer kadastrı Respublikamızdın' sosial-

ekanomikalıq rawajlanıwın basqarıwda kerekli bas qural rolin atqaradı ha'm onın' rawajlanıwında ekanomikalıq tiykarı bolıp esaplanadı.

Paydalang'an a'debiyatlar

1. O'zbekstan Respublikası konstitusiyası 1993 j.

2. O'zbekstan Respublikası Jer kodeksi 1998 j.

3. O'zbekstan Respublikası Ma'mleketlik kadastr haqqındag'ı nızam 2000j.

4. O'zbekstan Respublikası jer kadastrı haqqındag'ı nızam 1998 j.

5. Jer du'zıwde ha'm kartografiya uslubının' orını S. Abduraxmanov D. Djuraev Tashkent 2006 j.

6. Osnovı vısshey geodezii. S. Parfonov. G. Nestrov.

7. «Xojeli broyler» JShJ nin' Ustavı ha'm biznes planı.

8. Jer du'zıwdin' ilimiy tiykarları. S, Avezbaev, V. P. Troskiy.

9. Geodezicheskie rabotı pri zemlewstroystve. M. Kolos.
Qurilishta mexnat xavsizligi. X. Azimov 1997 j.

10.«Kartografiya» fanidan maruzalar. Tashkent 2000 j.

11.«Tuprokshinoslik» A. Baxodirov, E. Rasulov 1975 j.

12.Ekonomika zemlewstroystva. S. N. Volkov, M. Kolos 1996 g.

13.«Maydonlarni injenerlik jixozlash fanidan ma'ruzalar tuplami»
I. M. Musaev, K. Payziev, K. R. Raxmonov TOShKENT -2000 y.

14. Varlamov A. A., Xabarov A. V. Ekologiya zemlepolzovaniya i oxrana prirodnıx resursov : Uchebnoe posobie. –M. Kolos, 1999 g.

15. Sistema standartov bezopasnosti truda: (Sbornik). Izdatelstovo standartov, 1992 g.

16. «Xojeli broyler» JShJnin' kadastr hu'jjeti. Karaqalpaqstan Respublikası jer du'zıw ha'm ko'shpes mu'lk kadastr xızmeti Arxivi.

## Turmıs ha'reketi qa'wipsizligi

Miynetti korg'aw jumıs prosessinde insannın' miynetke qa'biletin, densawlıg'ın ha'm qa'o'ipsizligin ta'minlew ushın bag''darlang'an nızamlar jıynag'ı, sosial-ekonomikalıq, sho'lkemlestirıw, texnikalıq , gegenalıq, profilaktikalıq, ilajlar ha'm qurallar bolıp tabıladı. Miynetti korg'aw qursı sosial – huquqıy ma'selelerdi o'z ishine alg'an injinerlik pa'n bolıp fundamental pa'nler bolg'an fizika, ximiya, ha'm matematika menen birge a'meliy miynet gegenası, o'ndiris sanitariyası, miynet psixalogiyası, ulıwma injenerlik, o'rt texnikası, ekonomika, injinerlik, sanaat estetikası, ha'm baska pa'nlerden ibarat. Bul pa'nnin metodologiyalıq tiykarı-miynet sha'rayatın, texnalogiyalıq prosessti, ajralıp shıg'atug'ın ziyanlı zatlardı ha'm paydalanıw waqıtında payda bolatug'ın qawipli jag'daylardı ilimiy analizlew. Bunda analiz tiykarında o'ndiristegi qa'o'ipli orınlar,iske asıwı mu'mkin bolg'an qa'o'ipli jag'daylar anıqlandı, olardın' aldın alıw ha'm joq qılıw sharaları islep shıg'ıladı. Bul ma'selerdin' ha'mmesi o'z-ara baylanısqan halda, keleshek jobalardı esapqa alg'an halda ko'riledi. Miynetti qorg'aw pa'ni to'rt bo'limnen ibarat: miynet nızamshılıg'ı, miynet gegenası ha'm sanaat sanitariyası, qa'o'ipsizligin ta'minlew. Miynet nızamshılıg'ı huquqıy normativler jıynag'ı bolıp, jumısshı ha'm xızmetkerlerdin' miynet qatnasıqların basqarıp turadı. Miynet gigienası ha'm sanaat sanitariyası-sho'lkemlestirıw ilajları ha'm texnikalıq qurallar jıynag'ı bolıp, ka'siplik keseliklerge ha'm za'xa'rleniwge alıp keletug'ın jag'daylardı azaytıw ha'm pu'tkilley joq qılıwg'a qaratılg'an. Qa'o'ipsizlik texnikası jumısshılardı qa'o'ipli o'ndiris faktorları (jaraqatlar, avariya, o'rt, jarılıw ha'm tag'ı basqa) ta'sirinen saqlap qalıw ha'm ziyanlanıwg'a alıp kelıwshi ilajlardı kemeytiwge qaratılg'an texnikalıq qurallar ha'm sho'lkemlestirıwi ilajaları bolıp tabıladı. O'rt ha'm jarılıw qa'o'ipsizligi ka'rxanada o'rt payda bolıwının' aldın alıw yaki bolg'an jag'dayda da olardın' qa'o'ipli ta'sirin kemeytıw ha'm halıq mu'lkin saqlawda ta'miynlewge xızmet qıladı. (Miynetti qorg'aw) qursının' maqseti miynet qa'o'ipsizliginin' injenerlik ha'm ilimiy tiykarların biletug'ın qa'o'ipli sha'rayatlar tuwılg'anda olar a'melde qollana alatug'ın

miynet o'nimdarlıg'ın asırıw menen birge, jaraqatlardı, ka'siplik kesellik, avariya, o'rt ha'm jarılıwdı, aldın ala biletug'ın qa'nigeler tayarlawdan ibarat. Qurılıstın' waziypası qa'o'ipli ha'm ziyanlı o'ndiris jag'daylardın' olardın' insan den sawlıg'ına ta'siri ha'mde usı qa'o'ipli zatlardı o'lshewde qollanılatug'ın zamanago'y usıllar ha'm olardın' qorg'anıw jaraların uyreniwden ibarat. Sonın menen birge «Miynetti qorg'aw»dı sosial pa'n dep esaplawg'ada boladı, sebebi miynet sha'rayatı ko'pshilik jag'daylarda ka'rxananın' miynet ta'rtibin, kadrlar bo'limin, kolliktivtegi ruwxıy ıqlımdı ekonomikalıq ko'rsetkishlerdi paydalanıwshı jag'daylarg'a aytıladı. «Miynetti qorg'aw» pa'ninin tiykarg'ı wazıpası jumıs orınları ha'm ka'rxananlardında jumıs sha'rayatın, ta'rtipti, jumıs qurallarının' ha'm uskenelerinin baxıtsız ha'diyselerdin kelip shıg'ıwına sebep bolıw itimallıg'ı ko'z qarasına ilimiy analizlew ha'm onnan kelip shıg'atug'ın juwmaklarg'a tayang'an halda baxıtsız ha'diselerdin' aldın alıwg'a imkaniyat beretug'ın ilaj-sharalardı islep shıg'arıwdan ibarat.

## Miynetti qorg'awdı a'melge asırıwdı ma'mleket ta'repinen qadag'alaw.

Miynetkeshlerdin' densawlıg'ın qorg'aw, qa'o'ipsiz jumıs sha'rayatların jaratıp berıw, ka'siplik keselliklerdi ha'm o'ndirislik jaraqatlardı joq etiw O'zbekistan Respublikası xu'kimetinin' tiykarg'ı g'amxorlıklarınan biri bolıp esaplanadı.

Miynet nızamları kodeksinde hayallar miyneti, jaslar miyneti, kollektivlik sha'rtnama, jumıs waqtı, jumıs haqı, miynetti korg'aw tarawında kadag'alaw ha'mde basqada ma'seleler sho'lkemlestirilgen. Sol ma'seleler a'meldegi miynet haqqındag'ı nızamlar jobasında engizilgen.

Ka'rxana ha'mde mekeme baslıqları ha'mmege den-sawlıq ha'm qa'o'ipsiz miynet sha'rayatların jaratıw, hawa ortalıg'ının' shan'lanıw ha'm gazlanıw, shawqım, ton'ıw, nurlanıw ha'm miynettin' basqada zıyanlı ta'replerin kemeytiw ha'mde joq etıw ushın islep shıg'arıw ortalıqların avtomatlastırıw ha'm mexanizasiyalastırıwdı ornatıw ju'klengen.

Mashina ha’m mexanizmler proektleri qa’o'ipsizlik texnikası ha’m islep shıg'arıw sanitariyası talaplarına juwap beriwi kerek. Qandayda bir jan’a mashina yaki mexanizm miynetti qorg'aw talaplarına juwap bermese, o’ndiriske engizilmeydi, bug'an miynet nızamında ayrıqsha a’hmiyet berilgen.

Ka’rxana basqarması miynetti qorg'aw ilajların rejelestiriw, materiallıq jaqtan tamiyinlewi sha’rt. O’z waqtında jumısshılar ha’m xızmetkerlerdi buyrıqlar menen tanıstırıwı ha’m olardı islep shıg'arıw sanitariyası qag'ıydalarına boysınıwın ta’miyinlewi kerek.

Miynet haqqındag'ı nızamlar jıynag'ında jan’a texnologiyalıq a’sbaplardı, mashina-u’skenelerdi ta’minlewde ha’m ka’rxanalardı qayta tiklewde miynetti qorg'aw talaplarının’ orınlanıwına ayrıksha itibar beriledi.

Miynet talaplarına juwap bermeytug'ın ka’rxanalardı jumısqa tu’sirıwge ruxsat berilmeydi. Salamat ha’m qa’o'ipsiz jumıs sha’rayatları jaratılmag'an sex, bo’lim, yaki ka’rxananın’ jumısqa tu’sirilıwi kadag'an etiledi. Jan’a ha’m qayta du’zilgen islep shıg'arıw ob'ektlerinde paydalanıwg'a tapsırıw, ma’mleketlik sanitariya ha’mde texnikalıq baqlaw ha’m ka’rxananın’ ka’siplik awqam komiteti ta’repinen ruxsat berilmegenge shekem ruxsat etilmeydi. Miynetti korg'aw nızamında to’mendegiler ko’rsetilgen`

- ka’rxanalarda miynetti korg'awdı payda etıw qag'ıydaları, onı rejelestirıw ha’m qarjı menen ta’miyinlew;

- qa’o'ipsizlik texnikası ha’m o’ndiris sanitariyası qag'ıydaları, sonın’ menen birge ka’siplik kesellikler ha’m o’ndirislik jaraqatlarınan saqlanıw jeke zatları, zıyanlı jumıs sha’rayatları ushın ja’rima to’lew;

- hayallardın’, jaslardın’ ha’m miynet imkaniyatları sheklengenlerdin’ miynetin korg'aw qag'ıyda ha’m normativleri;

- miynetti qorg'aw tarawında ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik qadag'alaw sho’lkemlerinin’ xızmetin ta’rtipke salıwshı qag'ıydalar;

- miynetti qorg'aw nızamları buzılg'anda qollanılatug'ın juwapkershilik.

Ha’r jılı ka’rxana, basqarması menen kollektiv arasında miynet sha’rayatın jaqsılaw jumıs haqı, dem alıw waqtı ha’m basqada huqıq ma’seleleri haqqında sha’rtnama du’ziledi.

Kollektiv sha’rtnamasının’ orınlanıwın ka’rxana ka’sip awqamı komiteti adminstratsiya menen birge 1-jılda 2-3 ma’rte tekserip turadı. Tekserıw natiyjeleri jumısshı ha’m xızmetkerlerdin’ ulıwma ma’jilisinde qaraladı. 1993-jılı O’zbekstan Respublikasında miynetti qorg'aw haqqında nızam qabıl etildi. Onda O’zbekstan puqaraları ha’m shet ellik pukaralarda miynet iskerligi prosessinde o’mirin ha’m den-sawlıg'ın qorg'aw huqıqına iye, delingen. Onda insan o’miri ha’m den-sawlıg'ı o’ndiris na’tiyjelerinen joqarı qoyıladı. Miynetti qorg'aw talaplarına juwap bermeytug'ın qanday da bir joybar, jan’a yaki remontlang'an ka’rxana sex, mashina, u’skene jumısqa tu’sirıwge ruxsat etilmeydi. Islewshilerdin’ omirine kauip tuudıratug’ın obektler toqtatıp a’oyıladı.

Ha’r bir ka’rxana ha’r jılı kollektiv sha’rtnamasına muwapıq miynetti qorg'awg'a belgili mug'darda qa’rejet ajratadı. Zıyanlı ha’m qa’o'ipli jumıs sha’rayatları bar bolg'an ka’rxana yaki sexlarda ha’r bir jumısshını pulsız ayaq kiyim ha’m jeke qorg'anıw quralları menen ta’miyinlew ko’zde tutılg'an. Islewshiler sanı 50 adamnan artıq bolg'an barlıq ka’rxanalarda miynetti korg'aw xızmeti (injener lawazımı) engiziledi. Qa’o'ipli jumıs orınlarına jumısqa alıp atırg'an waqıtta olardı arnawlı oqıtıw, imtixan alıw ha’m bilimlerin sınap turıw ko’zde tutıladı. Sonın’ menen birge jumıs iskerligin bir bo’lek ha’m tolıg'ı menen jog'altqan jumısshı yaki xızmetkerge kollektiv sha’rtnamasında ko’rsetilgenindey bir ma’rte beriletug'ın napaqa ja’birlenıwshinin’ keminde ortasha 1-jıllıq napaqası mug'darında bolıwı kerek. O’lim menen tamamlang'an baxıtsız ha’diyselerde bul shama jabirlenıwshinin’ keminde 3-jıllık napaqası mug'darında bolıwı ko’zde tutılg'an.

Ha’rekettegi «Miynet haqqında nızamshılıq tiykarları» na baylanıslı miynetti qorg'aw ha’m miynet haqqındag'ı nızamdı qadag'alaw to’mendegi ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik basqarmaları ta’repinen alıp barıladı.